Pou Piblikasyon Imedya: 08/01/2017 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 9ÈM PWOPOSIZYON DISKOU ETA LETA 2017 LAN: MODÈNIZE FASON POU VOTE NAN NEW YORK POU OGMANTE PATISIPASYON NAN SISTÈM DEMOKRATIK LA

"Pwojè Demokrasi" ("Democracy Project") a pral Retire Baryè ki Anpeche Anjistreman Elektè yo; Sa k ap Rann Nouyòkè yo Vote pi Fasil

Vòt Antisipe pral Rann Liy Biwo Vòt yo Vin pi Kout, sa k ap pèmèt Nouyòkè yo Depoze Bilten yo jiska 12 Jou Avan Jou Eleksyon an

Anrejistreman Otomatik pou Elektè ak Anrejistreman nan Menm Jou pral Ogmante Patisipasyon Elektè yo ak Presizyon nan Pwosesis Vòt la

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon seri aksyon pou modènize sistèm vòt New York la. Pwojè Demokrasi a pral pèmèt vòt antisipe, epi li pral adopte anrejistreman otomatik ak anrejistreman nan menm jou pou elektè yo anrejistre. Nouvo mezi sa yo pral senplifye sèvis anrejistreman elektè yo, retire baryè initil ki anpeche patisipasyon nan eleksyon yo epi ogmante presizyon nan pwosesis vòt la.

Gouvènè Cuomo te di: "Vote se poto mitan demokrasi nou an. Eleksyon ki sot pase a klere yon gwo limyè sou karans ki genyen nan lwa demode eleksyon New York yo ak baryè atifisyèl yo kreye ki anpeche ak dekouraje elektè yo al egzèse dwa sakre yo genyen pou yo vote a. Pwopozisyon sa yo pral modènize epi ouvè sistèm eleksyon nou an, pou rann li pi fasil pou plis elektè ka patisipe nan pwosesis la, epi ede yo rann New York vin pi jis, pi ekitab ak pi reprezantatif pou tout moun."

Vòt Antisipe

Pwopozisyon sa a pral egzije pou tout konte yo ofri rezidan yo aksè a omwen yon sit biwo vòt antisipe pandan 12 jis avan Jou Eleksyon an yo. Elektè yo pral gen omwen uit èdtan nan jou la semèn yo ak senk èdtan nan wikenn pou yo depoze bilten vòt yo. Konte yo dwe genyen yon sit biwo vòt antisipe pou chak 50,000 rezidan epi konsèy adminsitratif komite bipatizan yo pral detèmine lokalite espesifik pou biwo vòt la ye, ki sijè a estanda pou aksè ak konvenyans yo.

Rechèch montre travay, lekòl, ak angajman pèsonèl se kèk nan rezon prensipal ki fè elektè yo chwazi pa patisipe nan eleksyon yo Ozetazini. Anplis de sa a, vòt antisipe

rann liy yo pi kout Jou Eleksyon an, yo ka detekte epi korije erè anrejistreman yo bonè, epi bay plis aksè pou moun vote.

Aktyèlman, New York se youn nan trèz eta sèlman kote vòt antisipe pa disponib epi yo egzije yon eskiz pou mande yon bilten vòt pa pwokirasyon. Nouyòkè yo ka vote atravè bilten vòt pa pwokirasyon sèlman si elektè a satisfè sèten kritè tankou si yo pa nan peyi a nan Jou Eleksyon an oswa si yo pa kapab ale nan biwo vòt la yo akoz yon andikap.

Trantsèt eta ak District of Columbia deja pèmèt elektè yo depoze bilten vòt yo an pèson avan Jou Eleksyon an. An 2016, valè elektè ki te depoze bilten vòt antisipe yo nan semèn avan Jou Eleksyon an yo prèske double lè yo konpare yo ak eleksyon 2012 la.

Anrejistreman Otomatik Elektè yo
Pou nou modènize pwosesis anrejistreman pou elektè yo, Gouvènè a pral pwopoze nou adopte yon sistèm ki mete anrejistreman otomatik pou elektè yo an aplikasyon.

Nouvo sistèm lan pral senplifye sèvis DMV (Department of Motor Vehicles) yo lè yo voye enfòmasyon elektè DMV itilize nan aplikasyon yo nan yon fason otomatik dirèkteman bay Konsèy Elektoral Konte yo (County Board of Elections). Nouyòkè ki pa vle anrejistre pou vote yo ka sèlman tcheke kazye “mwen pap vote” a.

Sitwayen yo deja ka kòmanse anrejistre pou vote nan DMV a, men twò souvan yo fè fas a anpil règleman initil, penib, ki egzije yon elektè potansyèl pou l enkli enfòmasyon vòt siplemantè nan aplikasyon yo pou yon sèvis DMV. Aplikasyon an papye yo ka entwodwi erè nan lis elektè yo, epi anrejistreman enkòrèk ka lakoz elektè yo rankontre difikilte nan biwo vòt yo. Anrejistreman otomatik elektè yo ka rann lis anrejistreman elektè yo vin pi presi, redwi depans, epi rann pwosesis la pi konvenyan ak pi efikas pou elektè ak fonksyonè elektoral yo.

Anrejistreman Menm Jou Elektè yo
Aktyèlman, New York pa pèmèt elektè yo anrejistre nan Jou Eleksyon an. Pwopozisyon sa a pral pèmèt Nouyòkè yo anrejistre epi vote nan menm jou a pou dèle penib ak kont entwisyon anrejistreman yo pa anpeche Nouyòkè yo gen opòtinite pou yo patisipe nan pwosesis elektoral la. Trèz lòt eta ak District of Columbia pèmèt anrejistreman menm jou, sa ki ogmante aksesibilite nan pwosesis demokratik la anpil pou sitwayen òdinè yo.

###